

## **Òganizasyon Anseye Pou Ayiti derape ann Ayiti, kòmanse kolaborasyon ak yon rezo entènasyonal ki rele "Teach for All"**

**Gonayiv, Ayiti** – 26 janvye 2015 – Jodi a Anseye Pou Ayiti ap anonse l ap kolabore ak yon rezo entènasyonal ki rele "Teach for All" epi l ap kontinye chèche nouvo kandida pou pwogram lidè nan domèn ansèyman an. Kòm òganizasyon ki pa la pou fè lajan, misyon Anseye Pou Ayiti se fè rekritman, epi fòme etidyan ki diplome nan inivèsite ak pwofesè k ap fè lekòl kounye a pou yo kab al travay nan lekòl riral ak lekòl ki nan zòn defavorize ann Ayiti. Pwofesè sa yo va vin lidè nan efò pou ogmante posiblite nan edikasyon pou elèv nan peyi a.

Malgre sosyete Ayisyen an toujou bay lekòl anpil enpòtans, an mwayèn timoun ayisyen fè senk an lekòl sèlman pou rezon sa yo: pa gen aksè epi se pa tout lekòl ki alawotè. Nan zòn riral yo, kote plis pase 50 pou san popilasyon an rete, sa ra pou moun jwenn anpil bon lekòl. Pandansetan, majorite pwofesè lekòl primè ann Ayiti manke fòmasyon, kote se 20 pou san ladan yo sèlman ki pase nan lekòl nòmal. Anseye Pou Ayiti vle ogmante valè pwofesè ki byen prepare ak lidè nan afè edikasyon pou l kab ogmante posiblite pou elèv nan peyi a jwenn bon jan edikasyon sitou sa ki nan zòn riral e defavorize yo.

"Depi lè m te lekòl Kay Frè nan Grann Rivyè di Nò rive sou pòs mwen kòm Dirijan twazyèm pi gran distri lekòl nan peyi Etazini, mwen rive apresye kouman sa enpòtan pou gen bon jan pwofesè ki konn sa y ap fè epi ki renmen travay ak elèv." Sa se pawòl Jean-Claude Brizard, ki fèt ann Ayiti, ki ansyen PDG (CEO) lekòl leta nan Chikago epi ki dirijan komisyon òganizasyon Anseye Pou Ayiti kounye a. "Pwogram edikasyon dwe konsantre sou devlopman tout aspè nan lavi timoun pa sèlman pou kreye yon sosyete ki fè sa ki jis, men tou pou kreye yon ekonomi k ap byen mache. Atravè edikasyon Anseye Pou Ayiti va ede nan devlopman sosyo-ekonomik peyi a. Se avèk anpil fyète mwen vle ede Nedgine ak Anseye Pou Ayiti kòm dirijan komisyon ki fonde òganizasyon an."

Nedgine Paul, kòm youn nan de moun ki fonde Anseye Pou Ayiti epi tou kòm PDG (CEO) òganizasyon an, gen tout volonte pou l ede kreye plis opòtinite pou timoun jwenn bon jan edikasyon toupatou nan peyi a. Paul fèt ann Ayiti, e papa li te yon pwofesè e direktè lekòl Gwomòn epi Pòtoprens. Paul diplome nan Inivèsite Yale epi li fè metriz li nan Inivèsite Harvard Graduate School of Education. Paul travay ak yon rezo lekòl ki rele "Achievement First", epi li te travay tou ak "Partners In Health" kote li fè fòmasyon ann Ayiti sou kouman moun dirije. Travay li kòm fondatè epi kòm dirijan Anseye Pou Ayiti fè yo vin nonmen li kòm manm nan "Echoing Green Global Fellowship" an 2014. Sa fè l anpil plezi pou l tounen nan peyi li pou l vin met men ansanm ak tout lòt ki vle fè chanjman nan sistèm edikasyon an. Travay la se bay pwofesè tout konesans e zouti ki nesèsè pou yo ka bay timoun edikasyon yo merite – menm nan lekòl kote papa l te direktè a.

Paul di: "Nou byen kontan pou nou rasanble tout yon seri moun toupatou ann Ayiti ki gen anpil pasyon ak kapasite pou travay pou kab gen plis opòtinite pou plis timoun jwen bon jan edikasyon toupatou nan peyi a. Youn nan pi gran resous peyi d Ayiti se jan pèp la ye a, yon pèp ki debouya e ki gen detèminasyon. Gen anpil moun ki gen anpil konesans ann Ayiti ki ta renmen retounen kote yo te fèt, pou yo kab ede fè kèk chanjman pou elèv yo epi nan zòn pa yo. Anseye Pou Ayiti ap la non sèlman pou trase chemen pou pwofesè sa yo, men li pral ede yo ak angajman yo pou yo

byen konprann edikasyon tankou yon dwa tout moun dwe genyen e itilize apwòch ki gen rasin li nan kilti, nan abitud, epi nan kominote Ayisyen nan."

Mwa sa a, Anseye Pou Ayiti kòmanse fè rekritman epi chwazi jiska 30 kandida pou fòm premye gwoup "pwofesè kòm lidè" (patisipan nan pwogram Anseye Pou Ayiti a). Pwofesè sa yo va travay nan kèk lekòl nan plizyè komin tankou, Gonayiv, Gwomòn, Boukan Kare, ak Mibalè (dènye gwoup lekòl ki rete pou yo konfime anvan ane lekòl 2015-2016 la). Anseye Pou Ayiti pral bay pwofesè sa yo bon jan sipò ak fòmasyon pandan 2 premye ane yo pran angajman pou yo travay la, l ap antrene yo, l ap gide yo, epi l ap ede yo nan klas yo tou. Apre 2 ane sa a, Anseye Pou Ayiti ap kontinye bay pwofesè sa yo sipò pou fè yo vin "anbasadè" misyon òganizasyon an.

"Fòmasyon pwofesè se yon priyorite pou Ayiti." Sa se pawòl Michel DeGraff, pwofesè lengwistik nan Massachusetts Institute of Technology (MIT) e dirijan Inisyativ MIT-Ayiti. "M espere Anseye Pou Ayiti pral kore bonjan fòmasyon pwofesè nan zòn riral yo pandan y ap ranfòse richès ki nan nannan idantite nou. Youn nan richès sa yo se lang kreyòl la ki se lang nasyonal nou. Pou pi fò ti Ayisyen, Kreyòl se yon zouti ki nesèsè pou aprantisaj—pou aprann: lekti, lòt lang (franse, angle, panyòl, eks.), syans, matematik, syans sosyal, eks."

Anseye Pou Ayiti gen yon kolaborasyon fòmèl ak "Teach for All", yon òganizasyon k ap travay pou kreye plis opòtinite nan kesyon edikasyon nan anpil peyi toupatou sou latè. Òganizasyon "Teach for All" kore òganizasyon patnè tankou Anseye Pou Ayiti ki fè rekritman epi ki prepare tout yon seri moun ki gen konesans nan tout yon seri domèn pou fè yo pran angajman pou y al fè lekòl nan peyi yo nan lekòl ki defavorize epi pou yo vin lidè alontèm sou kesyon bon jan edikasyon ak egalite nan afè edikasyon. Chak òganizasyon ki antre nan patenarya sa a adapte apwòch sa a pou peyi pa yo ak nesèsite peyi a genyen. Anseye Pou Ayiti pral fè youn ak plis pase 30 lòt òganizasyon patnè "Teach for All" k ap travay pou yo reyalize menm objektif, kreye plis opòtinite pou plis timoun jwenn bon lekòl.

"Nou byen kontan resevwa Anseye Pou Ayiti nan rezo 'Teach for All' la." Sa se pawòl Wendy Kopp, youn nan manm fondatè epi PDG (CEO) "Teach for All." Li deklare: "Travay Nedgine Paul ap fè ak ekip li a gen kapasite pou l fè gran efè sou avni elèv toupatou nan peyi d Ayiti. Konesans yo ak inovasyon yo ap byen kore lòt patnè "Teach for All" k ap travay sou kesyon egalite nan afè edikasyon nan peyi pa yo."

#### **Kontak pou medya a:**

Sarabeth Berman

Vis Prezidan afè Piblik, Teach for All

Media@TeachForAll.Org

646-206-8192

#### **Enfòmasyon sou Anseye Pou Ayiti**

Anseye Pou Ayiti pral rekrute bon jan pwofesè ki gen kapasite lidè epi li pral prepare yo pou yo kab al travay nan lekòl ki deja la kon sa y ap ka amelyore rezilta lekòl nan zòn defavorize. Lè gen gran chanjman ki fèt lakay anseyan yo sa va pèmèt elèv yo jwenn bon jan konesans, bon jan konpetans, epi y ap dispoze pou yo reyalize tout sa yo kapab menm jan ak tout lòt elèv, y ap gen posiblite pou pwosperite mityèl, epi y ap kab bay kout men pa yo nan devlopman yon 21èm syèk

ki va gen plis moun ki gen plis konesans ak konpreyansyon. Anseye Pou Ayiti, se yon òganizasyon ki gen Ayisyen alatèt li epi se Ayisyen ka p travay ladan. Òganizasyon an ap chèche Ayisyen konpetan pou travay avè yo e rantre nan mouvman yo. Se sa k fè pwofesè yo prepare yo pral sèvi kòm anbasadè e ede nan kesyon mank bon jan pwofesè ki genyen nan peyi a. Si w bezwen plis ransèyman, al sou sit sa a: [www.AnseyePouAyiti.org](http://www.AnseyePouAyiti.org) e ret okouran sa k ap pase sou Twitter @AnseyePouAyiti.

### **Enfòmasyon sou Teach For All**

"Teach for All" se yon rezo entènasyonal ki gen plis pase 30 òganizasyon ki ap dirije tèt yo epi ki gen finansman pa yo men ki gen yon sèl vizyon pou ogmante opòtinite lekòl nan peyi pa yo. Chak patnè yo rekrute epi fòme divès kalite lidè epi yo fòme lidè sa yo ki dakò travay pandan 2 ane nan peyi yo nan lekòl defavorize epi pou yo kontinye travay pou yo kreye posiblite pou timoun jwenn plis opòtinite. Si w bezwen plis ransèyman, al sou sit sa a: [www.teachforall.org](http://www.teachforall.org) e ret okouran sa k ap pase sou Twitter @TeachForAll.



CEO Anseye Pou Ayiti, Nedgine Paul

###